



Pou Piblikasyon Imedya: 11/08/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL AK MAJISTRA PATTERSON-HOWARD ANONSE 6 MILYON DOLA POU FINANSE PWOJÈ EGOU PRIYORITÈ AK PLANIFIKASYON ALONTÈM POU VIL MOUNT VERNON

Sèvis sibvansyon yo finanse atravè investisman istorik 150 milyon dola Eta New York la pou rezoud sistèm egou Mount Vernon ki degrade a

Gouvènè Kathy Hochul ak Majistra Patterson-Howard te anonse jodi a ke Konsèy Vil Mount Vernon an te apwouve 6 milyon dola nan kontra Eta a finanse yo ki pèmèt travay enpòtan yo avanse nan rezoud pwoblèm enfrastrikti dlo ak dlo ize degrade Vil la. Kontra yo se premye ki apwouve nan kad [investisman istorik 150 milyon dola Eta a](#) pou abòde pwoblèm enfrastrikti dlo ak dlo ize pèmanan yo ak pwoblèm sante piblik ki gen rapò yo. Etap enpòtan sa a pèmèt lansman reparasyon egou ak planifikasyon alontèm pou pwojè dlo ize alavni yo epi konekte responsab Vil la ak konsiltan teknik, jesyon ak finansye yo pou ede gide travay sa a.

"Anons jodi a se konsènan vant piblik pou Mount Vernon. Se konsènan respekte pwomès nou te fè an avril lè nou te anonse investisman istorik 150 milyon dola pou kòmanse rekonstwi sistèm dlo ak egou degrade vil la", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen te imajine moman tankou sa a - wè rezilta tanjib pou Vil la ak fè yon gwo pa pou asire ke rezidan Mount Vernon yo, biznis ak vizitè yo gen aksè nan dlo fyab ak sistèm enfrastrikti egou yo merite".

Majistra Mount Vernon Ian, Shawyn Patterson-Howard, te deklare, "Kòm Majistra yon kominote ki te istorikman majinalize nan periferi youn nan konte yo ki pi rich nan peyi a, mwen eksite ke Gouvènè Hochul te adopte teyori ak aplikasyon pratik enfrastrikti anviwònman ekite epi devye de enjistis daltonyen nan zafè sante ak anviwònman nan tan pase. Pandan plizyè deseni, enfrastrikti ak lojman kalite enferyè yo enfliyanse negativman sou rezilta aprantisaj yo ak potansyèl revni pou tout lavi nan kominote koulè yo epi nan Mount Vernon sa pa diferan. Investisman istorik sa ki soti nan Eta a pral pèmèt Vil la jwenn ekspètiz ki nesèsè pou lanse pwojè kapital ansanm ak pèsonèl Travay Piblik yo pou amelyore sante ak byennèt alontèm tout rezidan Mount Vernon yo".

Sibvansyon Eta a yo finanse kontra yo atravè Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal Eta New York la nan patenarya avèk Depatman Konsèvasyon Anviwònman ak Sante yo. Kontra yo prevwa aktivite sa yo:

- 5 milyon dola pou planifye, konsevwa ak konstwi pwojè dlo ize priyorite yo idantifye nan Plan Aksyon Devèsman Ilisit vil la ki gen dat jen 2022. Plan an idantifye tout devèsman nan sistèm dlo lapli yo ki pa fòseman se dlo lapli, tankou fwit egou sanitè yo.
- 500,000 dola pou sèvis netwayaj egou yo ak enspeksyon atravè televizyon nan sikwi fèmèn konduit egou yo pou sipòte planifikasyon pwojè amelyorasyon kapital. Televize liy yo pral pote vizibilite sou sa k ap pase anba tè a nan idantifye blokaj ak fwit yo oswa echèk potansyèl nan sistèm lan.
- 500,000 dola pou sèvis konsiltan pwofesyonèl pou bay fòmasyon, evalyasyon teknik, jesyon ak finansye, asistans nan aplikasyon pou finansman ak asistans teknik sou plas.

Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal la, Maureen A. Coleman, te deklare, "EFC (Kòporasyon Etablisman Anviwònmantal) fyè pou li pouswiv angajman Gouvènè Hochul pou Majistra Patterson-Howard ak rezidan Mount Vernon yo nan bay finansman ak resous ke Vil la bezwen kòmanse ak reyalize travay enpòtan sa a. Sibvansyon EFC yo pral dirèkteman sipòte anplwaye Travay Piblik ki dedye ak travay di nan Mount Vernon pou pwojè priyorite yo ki abòde pwoblèm debòdman egou yo epi pral fè yon diferans touswit pou sante piblik ak kalite lavi rezidan yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul, Majistra Patterson-Howard ak patnè nou yo nan eta a ak gouvènman lokal yo paske yo atake pwoblèm dlo pwòp sa a ak pou angajman yo pou jistis anviwònmantal".

Komisè Depatman pou Konsèvasyon Anviwònman an, Basil Seggos, te deklare, "Pwojè istorik sa ap vanse anba lidèchip Gouvènè Kathy Hochul pou rezoud kriz enfrastrikti dlo a ki toumanje popilasyon Mount Vernon lan pandan twò lontan. Avèk pwojè sa yo ki ankou, pwogrè yo ap avanse epi nou pa ka tann pou nou kontinye travay avèk Vil nou an, ajans eta ak patnè kominotè yo pou atenn rezilta ki chanje lavi pou rezidan Mount Vernon yo".

Komisè Sante Eta a, Doktè Mary T. Bassett, te deklare, "Gouvènè Hochul rekonèt ke amelyorasyon nan sante piblik gen ladan investisman estratejik pou asire yon anviwònman ki pwòp. Amelyorasyon sa yo nan sistèm egou sanitè Vil la pral ede pwoteje sante rezidan Mount Vernon yo."

Direktris Ekzekitif Biwo Rekiperasyon apre Tanpèt Gouvènè a, Katie Brennan, te deklare, "GOSR fyè pou l kontinye travay sou patenarya istorik sa a ki pral kreye kay ak kominote rezistan atravè Mount Vernon. Se yon etap vital nan direksyon enfrastrikti dlo ekita ak san danje pou rezidan yo".

Senatè Chuck Schumer te deklare, "Pandan twò lontan, twòp rezidan Mount Vernon te oblije viv nan laperèz pou dlo egou toksik yo pa monte nan kay yo, polisyon dlo yo, epi mete chaj la sou kontribyab lokal la. Mwen te jwenn finansman istorik pou dlo potab nan Lwa sou Enfrastrikti ak Travay Bipatit la pou fè pwojè tankou Mount Vernon an finalman derape, epi mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul pou angajman solid li pou mete fen nan kriz dlo egou sa a. Mwen pral kontinye batay san pran souf pou asire ke Mount Vernon gen tout sipò federal li bezwen pou asire ke vil la gen sistèm egou yo te vle ak merite depi lontan".

Reprezantan Jamaal Bowman te deklare, "Reparasyon ak modènizasyon sistèm egou nan Mount Vernon an mande yon repons global gouvènman an. Mwen byen kontan wè finansman adisyonèl pou sistèm egou vil la ki deteryore - fon sa yo ak lòt fon ki sekirize nan men eta ak konte a ajoute sou 1.5 milyon dola mwen te kapab jwenn nan Pwosesis Afektasyon Ane Fiskal 2022 pou Pwojè Netwayaj Egou Mount Vernon. Ansanm, nou kapab revitalize sistèm egou a ak asire vwazen yo nan Mount Vernon gen aksè nan yon sistèm egou ki pwòp ak sen".

Manm Asanble J. Gary Pretlow te deklare, "Finansman nou pral resevwa pou Pwojè Egou Ijans pou Vil Mt. Vernon endispansab ak nesesè pou repare sistèm egou nou an ki dezentegre. Gwo domaj nan sistèm egou nou an te lakòz anpil kay nan kominote nou an soufri konsekans dlo ize k ap antre nan pwopriyete yo epi mwen kontan anpil ke sekou nan wout pou mèt kay nou yo ki travay di".

George Latimer, ki se Chèf Egzekitif Konte Westchester, te deklare, "Nan fen jounen an, sa popilasyon Mount Vernon an bezwen se pwogrè sou rezolisyon sitiyasyon inakseptab depi lontan sa a. Gras ak Gouvènè Hochul, pwogrè sa a ankou. Youn nan fonksyon ki pi debaz gouvènman an se founi yon anviwònman pou viv ki pwòp ak ijyenik. DEF Konte a ap travay depre avèk DPW Mount Vernon sou teknik pou akselere yon pati vital nan pwojè sa a".

Gouvènè Hochul, Majistra Patterson-Howard ak Egzekitif Konte Westchester George Latimer te anonse nan mwa avril la 150 milyon dola nan investisman enfrastrikti dlo ak egou nan Mount Vernon. Yon lòt [3 milyon dola](#) nan finansman federal te atribye pou ede rezidan Mount Vernon ke kriz egou ak enfrastrikti dlo nan vil la te afekte atravè [pwogram pilòt Kay Sen](#). Biwo Rekiperasyon apre Tanpèt Gouvènè a te anonse an jiyè. Inisyativ la, ke GOSR administre epi ki vize pwopriyete ki pi souvan afekte yo ak gen gwo risk yo, pral bese danje anviwòmantal yon epi pote amelyorasyon nan rezistans pwopriyete prive. Kay k ap patisipe yo ka elijib pou reparasyon domaj dlo ize , enstalasyon mezi prevansyon kont refoleman dlo egou, diminisyon nan enfiltrasyon plon nan dlo nan kay yo, ak lòt asenisman anviwòmantal ki nesesè. Rezidan ki enterese yo ka ale sou stormrecovery.ny.gov/mountvernon pou jwenn plis enfòmasyon.

###

ANILE ENSKRIPSYON OU